

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan masalah wanoja, salawasna jadi bahan paguneman anu aktual sarta penting pikeun dikaji. Wanoja kalayan sagala aspékna geus disawang ku sabagian masarakat salaku tokoh nu ngarandapan kateuadilan, nu matak loba kaum wanoja “Kaum Féminis” nu merjuangkeun darajatna. Manusa dina merangan sistem kateuadilan jénder ngabalukarkeun timbulna hiji analisis jeung téori anu nepi ka kiwari gedé pangaruhna kana kamekaran élmu sosial.

Kamekaran féminis nu kacida rongkah, nya éta salaku salah sahiji aspék téori kabudayaan kontémporér. Modél analisisna rupa-rupa sarta kontéktual, patali jeung aspék-aspék sosial, politik, jeung ékonomi. Faham féminis mangrupa cikal bakal gelarna téori nu nyawang éksisténsi kawanojaan dina kahirupanana. Paham ieu ngarambah leuwih jauh kana widang disiplin sastra, ku kituna timbul hiji téori anu disebut kritik sastra féminis. Ieu téori miang tina ayana protés-protés wanoja dina ngalawan diskriminasi anu disanghareupan ku para wanoja dina masalah atikan jeung sastra. Féminis salaku alat téori pikeun mecahkeun hiji masalah panalungtikan salah sahijina sastra, sastra mangrupa hasil kabudayaan daya cipta mikir manusa jeung kréatifitasna bisa ditalungtik ku salah sahiji téori paélmuan gumantung kana tujuan panalungtikanana.

Novél *Kembang-kembang Petingan*, mangrupa bagian tina objék panalungtikan nu geus nembrakeun rupa-rupa karakteristik wanoja dina kahirupanana. Minangka hasil tina analisis novel *Kembang-kembang Petingan* kalayan ngagunakeun pamarekan kritik sastra féminis, tokoh wanoja digambarkeun positif jeung negatif.

Dina novel *Kembang-kembang Petingan*, pangarang leuwih condong ngagunakeun tokoh wanoja minangka tokoh utama anu ngalalakon. Gambaran geunaan wanoja paling tétéla katitén, éta gambaran wanoja, katémbong tina pikiran tokoh wanoja, jeung gambaran anu nyaritakeun gagasan ngeunaan karakteristik wanoja dina hal fisik/waruga, psikis/jiwa, kalungguhan wanoja di kulawarga, jeung kalungguhan wanoja di masarakat.

Pangarang dina ieu novel ngagambarkeun waruga tokoh wanoja némbongkeun karakteristik nu idéal. Éta gambaran téh katitén tina curahan pangarang kana waruga tokoh wanoja nu geulis. Kageulisan tokoh wanoja kun pangarang digambarkeun dina cara diraksukan, resep dangdan, primadonana di warung Mamih jeung lobana kaum lalaki nu hayang ngapimilik tokoh wanoja tapi ngan saukur rék dijadien pamuas napsu wungkul. Karakteristik jiwa katémbong dina gambaran tokoh Kuring nu ngalaman konflik batin alatan gagal ngawangun rumah tangga, jeung tekanan pangaruh nu jadi kolot nu kurang merhatikeun kahayang anak. Jiwa nu kasiksa alatan teu bisa jadi jalma bener sok sanajan aya nu ngajait tina jurang kadorakaan pikeun jadi jalma bener masarakat tetep ceuceub kanu ngarana ungluk jeung teu narima ungluk bisa hirup rumah tangga di lingkunganana. Jiwa nu

bimbang alatan bingung, nalika kudu milih antara hirup ngabéla hak pikeun jadi jalma bener atawa balik deui ka jurang kanistaan.

Karakteristik wanoja di kulawarga némbongkeun tokoh wanoja nu nyicingan tempat statis. Kalungguhan wanoja di kulawarga méh salawasna ditempatkeun salaku jelema anu hirup di jero imah nu kasengker ku aturan-aturan jeung tungtutan ti nu jadi indung supaya bisa ngajaga kalakuan jeung ngajaga diri nu hadé. Kitu deui dina ieu novel tokoh wanoja ngabogaan peran salaku wanoja nu kaiket ku adat paranti nu kudu tumut jeung turut kana éta kaayaan. Karakteristik wanoja di masarakat ditémbongkeun salaku tokoh wanoja mangrupa tokoh wanoja nu ngabogaan kapribadian ganda. Di sisi séjén wanoja mangrupa tokoh mandiri nu bisa ngahirupan kulawarga sok sanajan ku cara salah, tapi di sisi séjén wanoja dianggap ku masarakat salaku tokoh anu ngabogaan karakteristik goréng alatan pagawéanana éta.

Karakteristik nu aya dina karya sastra, hususna karakteristik wanoja nu aya dina novel *Kembang-kembang Petingan*, bisa mangrupa gambaran tina kaayan nu sabenerna. Lamun dibandingkeun jeung kahirupan wanoja di masarakat kiwari, hususna awéwé bangor, ieu novel bisa jadi ngagambarkeun karakteristik wanoja nu sabenerna. Sabab nu ngarana karya sastra bisa jadi titiron tina kahirupan nu saenyana.

## 5.2 Saran

1. Salian ti novel, di piharep kajian féminis ogé bisa dilarapkeun dina genre karya sastra séjén nu patali jeung prostitusi sarta kumaha carana supaya éta panalungtikan téh bisa dibandingkeun jeung réalita nu sabenerna kaalaman di masarakat.
2. Langkana mahasiswa nu ngulik make pamarekan féminis pikeun nalungtik dipiharep boga karep ngulik aspék-aspék kawanojaan dina karya sastra séjén atawa wangun panalungtikan nu langsung turun ka masarakat kumaha réalitana.
3. Panalungtikan ieu dipiharep bisa jadi bahan rujukan keur para mahasiswa anu ngabogaan karep pikeun nalungtik karya sastra anu ngagunakeun pamarekan kritik sastra féminis.
4. Ieu panalungtikan téh asli ulikan sastra. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan kana novel *Kembang-kembang Petingan* nu leuwih jembar ambahanana sarta kudu aya babandinganana kaayaan nu aya dina novel jeung réalita di masarakat.